Kesyon popilè (FAQ)

Pwogram PCA MassHealth - È siplemantè

Règ sou è siplemantè

- **Kisa ki konsidere kòm è siplemantè?**
  È siplemantè se tout è travay ki anplis pase 40 è pa semèn. Règleman PCA yo tabli kondisyon pou yon otorizasyon pou è siplemantè pou tout è travay ki anplis pase 50 è pa semèn.
  PCA sèlman gendwa travay plis pase 50 è nan yon semèn si li gen yon otorizasyon pou è siplemantè ki apwouve. PCA yo pa gen dwa janm travay plis pase 60 è pa semèn.

- **Kòman otorizasyon è siplemantè a fonksyone?**
  Kliyan yo gen pou yo mande pou otorizasyon nan men PCM pa yo a.
  Gen de diferan kalite otorizasyon pou è siplemantè:

  - Otorizasyon tanporè (1 - 12 semèn, pou jouk 60 è pa semèn)
  - Otorizasyon pou swen kontinye (dire tan PA a pou sèvis PCA yo, pou jouk 60 è pa semèn)

- **Kisa ki konte nan è siplemantè yo?**
  È travay òdinè, è siplemantè, è jou ferye, e è pou sèvis jury duty konte nan è siplemantè. Byenke tan pou deplasman konte nan è siplemantè, è sa yo p ap konte pou vyolasyon è siplemantè yo.

- **Kisa ki pa konte nan è siplemantè yo?**
  Konje peye (paid time off, PTO), fòmasyon EVV, NHO, e lòt è fòmasyon pa konte nan è siplemantè yo .

- **Kisa k ap rive si yon PCA travay pou plis pase 50 è san l pa gen otorizasyon?**
  Sa se yon vyolasyon. Lèt avètisman ap voye bay PCA a e kliyan an nan lapòs e nan Everbridge apre chak vyolasyon. Apre twazyèm vyolasyon an, l ap refere bay MassHealth pou posiblite yon revokasyon nan pwogram lan.

1. Premye vyolasyon ▸ yon premye avètisman emèt
2. Dezyèm vyolasyon ▸ yon dezyèm avètisman emèt
3. Twazyèm volyasyon ▸ refere bay MassHealth pou petèt yon revokasyon

- **Èske vyolasyon è pa semèn lan ka efase nan dosye anplwa yon PCA?**
  Wi. MassHealth gendwa efase vyolasyon poutèt ijans oubyen sitiyasyon ki pa t prevwa. Y ap efase tou apre konfòmite pandan senk peryòd peman konsekitif (10 semèn) apre yon peryòd degras ki dire 6 semèn.

Reyadmisyon nan pwogram lan

- **PCA** yo gendwa retounen apre 9 mwa. Si yo fè vyolasyon limit è pa semèn lan oubyen règ è siplemantè a twa fwa anplis apre yo anboche kòm PCA ankò, y ap revoke yon dezyèm fwa e y ap entèdi an pèmanans pou travay kòm PCA nan pwogram PCA a.
- **Kliyan** yo gendwa retounen selon diskresyon MassHealth.

Resous siplemantè

- Règlemantasyon pwogam PCA a: 130 CMR 422.000
- Apèsi sou politik è siplemantè: Mass.gov règ sou è siplemantè yon PCA

Tablo pou referans rapid: Règ sou limit è PCA pa semèn parapò ak è siplemantè

Kategori	Limit è pa semèn	Règ sou è siplemantè
È maksimòm ki pèmèt	Pa plis pase 60 è pa semèn (pou tout kliyan ototal)	Ant 40 e 50 è pa semèn san otorizasyon
Avèk otorizasyon	Pa gen otorizasyon ki pèmèt pou plis pase 60 è	Jouk 60 è pa semèn avèk otorizasyon
Kisa ki konte nan limit sa yo	È òdinè, siplemantè, jou ferye, e pou sèvis jury duty	È òdinè, siplemantè, jou ferye, e pou sèvis jury duty
È ki pa nan limit sa yo	Deplasman, PTO, fòmasyon EVV, NHO, e lòt è fòmasyon	Deplasman, PTO, fòmasyon EVV, NHO, e lòt è fòmasyon
Deklanchè vyolasyon	Travay plis pase 60 è nan yon sèl semèn	Travay plis pase 50 è san otorizasyon pou è siplemantè
Avi sou konfòmite	3 avi ▸ revokasyon apre 3zyèm vyolasyon	3 avi ▸ revokasyon apre 3zyèm vyolasyon
Konsekans nan revokasyon yon PCA	PCA entèdi pandan 9 mwa; revokasyon pèmanan apre 3yèm vyolasyon pos-reyadmisyon	PCA entèdi pandan 9 mwa; revokasyon pèmanan apre 3yèm vyolasyon pos-reyadmisyon
Konsekans nan revokasyon yon kliyan	Kliyan an gendwa pa readmèt nan pwogram PCA a	Kliyan an gendwa pa readmèt nan pwogram PCA a
Efasman	Vyolasyon reinisyalize apre 10 semèn konfòmite apre yon peryòd degras ki dire 6 semèn	Vyolasyon reinisyalize apre 10 semèn konfòmite apre yon peryòd degras ki dire 6 semèn
Admèt ankò	PCA gendwa retounen apre 9 mwa; entèdiksyon pèmanan apre 3yèm vyolasyon	PCA gendwa retounen apre 9 mwa; entèdiksyon pèmanan apre 3yèm vyolasyon